

Assalamualaikum Wr. Wb.

Kawula nuwun, ingkang dhahat kinormatan Bapak Lurah Kalurahan Mega Mendhung, saha para warga masarakat ingkang kinormatan, ugi dumatheng para kadang panitya, mudha-mudhi ingkang kula tresnani.

Inkang sepisan, sumangga kula lan panjenengan sami tansah ngonjukaken puji syukur wonten ing ngarsanipun Gusti Allah Inkang Murbeng Agesang, dene panjenenganipun sampun kersa paring kanugrahan dumatheng kita sadaya Bangsa Indonesia, kathanda ing dalu punika, kita sampun dipun keparengaken makempal kanthi wilujeng ing papan punika, saperlu sami lenggah tirakatan ing malem 17 Agustus punika.

Kaping kalihipun, kula ngaturaken panuwun ingkang tanpa pepindhan, awit sadaya warga wonten ing Kalurahan Mega Mendhung sampun sami kepareng paring pambiyantu punapa kemawon datheng panitya, murih saged ipun kaleksanaan mahargya pengetan dinten Kamardikan RI ingkang kaping 79 surya kaping 17 Agustus 2024. Wondene kula ingkang kajibah minangka pranatacara badhe maosaken rantamaning adicara ingkang badhe kalampahan wonten ing dalu menika. Wontene rantamaning adicara ingkang sampun karantam, inggih menika:

1. Pambuka
2. Nembang sesarengan tembang "Indonesia Raya"
3. Sambutan pangarsa panitya malem tirakatan
4. Atur pangandikan saking lurah kalurahan Mega Mendhung
5. Ngeningaken cipta sawetawis
6. Nembang Sesarengan tembang "Hari Merdeka"
7. Waaosan geguritan "Karawang-Bekasi"
8. Waosan donga
9. Panutup

Kados sampun kawuningan dening para arwuh sadaya, bilih rikala tanggal 17 Agustus 1945, kita bangsa Indonesia sampun kasil uwal saking blengguning penjajah,

sarta kanthi pangurbanan rah lan waspo ingkang boten sakedhik, para pemimpin kita sampun kasil maosan Teks Proklamasi Kamardikan RI dhateng Saindenging Bawana, saengga sadaya Bangsa ing manca nagari sami mengertosi, bilih sampun lahir satunggalih Negeri enggal ingkang nama Indonesia. Ing dinten benjang enjang tanggal 17 Agustus 2024 Nagari kita Republik Indonesia jangkep yuswa 79 tahun. Awit saking punika ing tirakatan dalu punika, kita sadaya badhe sesarengan lelenggahan seperlu mengeti dinten Kamardikan kita, saha sesarengan nyenyuwun dhumateng Gusti Ingkang Akarya Jagad, mugi-mugi, pengeten tanggap warsa ingkang kaping 79 punika mangke saged kaleksanaan kanthi wilujeng, saha sapanginggilipun, Nagari kita Republik Indonesia, pinaringan rahayu widada, nir baya, nir ing sambekala, tebih sangking parang muka, pinaringan tata tentrem kerta raharja, saha nayaka pangembate praja, pingga saged manuntun Bangsa kita dumatheng ancasing revolusi, inggih punika wujud ing bebrayan ageng adhil lan makmur sadaya bangsa Indonesia.

Awit titi laksana sampun ndungkap ing kalamangsa ingkang katemtokaken, pramila kanti mocap Bismillahirrahmaanirrahiim, **tirakatan** dalu punika kawiwitan.

..... pambuka

....(Kalajengaken nglumantaraken rantamaning adicara setunggal mbaka setunggal ...

Salajengipun mbok bilih wonten sawetawis kekurangan ingkang saged ndadosaken kirang renaning penggalih mugi kersa paring kathah kiranging atur, kula naming saged nyuwun agunging pangaksami. Ing wasana mugi keparengan handumugekaken lelenggahan kanthi mardikaning penggalih, sarta panutuping atur,

Wassalamualaikum Wr. Wb.

PITAKENAN

Kawangsulana pitakenan-pitakenan wonten ing ngandhap menika kanthi adhedhasar teks wonten ing nginggil lan kaginakna basa Jawa ragam krama!

1. Jumbuh kaliyan perangan wedharing gati, teks pranatacara wonten ing nginggil menika kaginakaken wonten ing adicara menapa?

Wangsulan:

Kaseratna pawadanipun

2. Kapan lan ing wayah menapa anggenipun ngawonten adicara menika ?

Wangsulan: ing wayah

3. Saking teks kalawau saged dipunmangertosi bilih Indonesia yuswanipun sampun pinten taun?

Wangsulan:

4. Kaandharna kenging menapa adicara wonten teks ing nginggil kalampahan ?

Wangsulan: